

IJ WI RY'UBUHANUZI

Ishure Rya Bibiliya
Mw iposta

B.P. 1210
B.P. 1

Bujumbura
Nyabisindu

Burundi
Rwanda

ICIGWA CA 27

IMYAKA IGIHUMBI Y'AMAHORO

Mu cigwa giherutse twize k'urubanza rw'abanyavyaha rukomeza kuba mw ijuru mu gihe c'imyaka igihumbi, kand'iyo myaka itangurana no kugaruka kwa Kristo.

Dushobora kumeny'iki c'ijo myaka igihumbi? N'ibihe bintu bitegerezwa kuba imbere yayo, mu gihe cayo no hanyuma y'ico gihe kingana girtyo? Ubu rero dutumbereye — kwishura ico kibazo dukurikije inyigisho z'Ivyanditswe Vye-ra.

1. Imvugo zibiri mw ijambo rimwe.

Mu gitabo ca kera haboneka ibihe cenda amajambo afataniye hamwe ari yo myaka igihumbi (muri Zaburi 90:4). Har' amajambo yakoreshejwe n'umutumwa (2 Petero 3:8) iyo myaka igihumbi igereranya wa n'igihe kitagira iherezo mu gitabo c' (Umusiguzi 6:6) bavuga ivy'imibereho yakekwa yuko yoshobora kuba igihumbi incuro zibiri.

Ariko mu gitabo c'Ivyahishuwe mu gice ca 20 yavuzwe incuro zitandatu "Imyaka igihumbi" igereranya iyihe c'imyaka igihumbi koko, izobaho hagati y'imizuko ibiri. Ayo majambo abiri ari yo "myaka igihumbi, afatanirije hamwe muri iri — jambo ngo "MILLENIUM" ni jambo ritaboneka muri Bibiliya no (mu y'Ikinyarwanda ntaryo). Iryo jambo ryashiriweho kuvuga, imyaka igihumbi yo mu Vyahishuwe.

2. Ubwami buciye hagati bw'Umwana.

Imyaka igihumbi n'igice c'integuza y'ubwami buhoraho bwa

Data wa twese; n'ic'ubwami buca hagati bw'Umwana.

Umugambi w'ijo ngoma ya Kristo y'imyaka igihumbi n'ubo kurangiza igikorwa c'ubucunguzi, kubwo kugarukanira isi yose amahoro yar'ifise ikayakwa n'ubugome bwa Luciferi n'ubw' umuntu. Mu gihe amahoro azoba amaze kugarurwa, Data wa twese azosubizwa ububasha ari we mutware atagira amakenwa w'i-juru n'isi.

Ariko Kristo ntazoganza kw'isi. Azoganza mw ijuru hamwe n'abacunguwe. Twibuke isezerano yahaye abigishwa biwe (Yohana 14:3). Nzogaruka kubajana i wanje ngw aho ndi namw aba ari ho muba. Umutumwa Paulo avuga ko mu misi yo kuza kwa - Kristo ishengero rizotunganywa neza rikajanwa mw ijuru (2 Korinto 4:16,17).

Na none intumwa Yohana avuga mu (Vyahishuwe 20:4,6) kw' abagororotsi bazoba baherezi b'Imana na Kristo kandi ko bazimana na we mur'ijo myaka igihumbi.

Canke Kristo mur'ijo myaka igihumbi azoaba ar'umucamanza afatanije n'abatorani jwe, acir'urubanza abanyavyaha n'abama rayika baguye. (Soma Yohana 5:22,27; Abaroma 2:16; 1 Abakorinto 6:2,3).

Umutumwa Yohana yavuz'ivy'urwo rubanza mu (Vyahishuwe 20:4). "Mbona inteve z'ubwami mbona abicaye kuri zo bahabwa , ububasha bwo guc'imanza."

3. Isi ihinduka umusaka.

Mur'ijo myaka is'izoba imez'ite? Izohinduka umusaka. Ntabantu bazoba bayibamwo izoba irikw'ubusa itagira ishusho, - nk'uko yar'iri itararemwa. (Itangiriro 1:2).

Ijambo "Tohu-bohu" n'ijambo ryavuye mu Ruheburayo rivuga ngo "ikitagira ishusho" "kirikw'ubusa". Nkuko ryakoreshejwe mw' (Itangiriro 1:21). Kand'Umuhanuzi (Yeremiya 4:23-26) - yararikoresheje aho yabona Palestina uko izomera nyuma yo gucirwakw iteka, rikazoba icitegererezo c'iteka rizohorezwa iyi si yose mu myaka igihumbi; rikazotuma iba umusaka nk'u-wayibanjirije itararemwa.

"Umuhanuzi yavuze ati: Nitegereje isi, mbona ntigir' ishusho kandi iri kw'ubusa; n'ijuru naryo nta muco ryari rifise, nitègereje imisozi miremire, mbona iratigita, n'iyindi yose iranyiganyiga. Nitegereje mbona nta muntu ariho, n'ibisiga vyose mu kirere vyahunze. Nitegereje mbona ahantu , hamera cane habaye ubugaragwa, ibisagara vyaho vyose vyara

sanganguriwe imbere y'Uhoraho kubw'uburakari bwiwe bw'inkazi.

Umuhanuzi (Yesaya 13:19) na we avug'ati: "Ehe umusi w' Uhoraho uraje, ni ruburakigongwe, uzananye n'ishavu, n'uburake bw'inkazi; ng'uhindure igihugu imisaka, ugeseze abanyavyaha baho ngo bagishiremwo.

Ivyanditswe Vyera ntibitwereka ko muri ya myaka igihumbi izob'iri nk'izahabu. Ahubwo bitwigisha k'umusi wo kugaruka, kwa Yesu uzohurirana n'ivyago bisangangura bizotera kw isi; kand'isi ntac'izomenya imbere y'iyo myaka igihumbi.

4. Satani abohwa.

Ukw'isi izoba ar'umusaka vyerekawa n'ibi bidusobanurira mu Vyahishuwe aho tubon'uko marayika azoza akaboha Satani ngw'amare imyaka igihumbi.

Mbona Marayika amanuka avuye mw ijuru, afise urufungozo, rw'ikuzimu; afise n'ikinyororo mu minwe. Afata ca gisato, ni co ya nzoka ya mbere irindi ni Satani, akiboha ngo kimare imyaka igihumbi, agikororera ikuzimu arahadadira, ashira kw 'ikimenyetso kikirumanya, kugira ngo ntocongere - kuzimiza amahanga, gushika ah'imyaka igihumbi izoshirira:ni yashira, gikwiye kubohorwa ngo kimare ige gito. (Ivyahis-huwe 20:1-3).

Aha tuhabona ivyitegererezo. Guhonya kuzoherengeteza abanyabibi Yesu agarutse kujana ishengero ryiwe mw ijuru, - kuzotuma isi isigara ubusa. Kubera ko Satani atac'azob'ari-kw'arakora co kwosha abantu, azob'ari we nyene mur'ubo musaka ni kwo kubohwa. Ntaburenganzira azoba afise bwo kugira uw'agirira nabi. Azoba agendagenda kw'isi y'umusaka, arabe hose abone ingaruka y'umugararizo wiwe mw ijuru n'ivyo yakoze mw isi. Hirya no hino nta kintu azohabona.

Na none mur'iyo myaka igihumbi, mw ijuru, ubwami bwa Kristo n'abagororotsi bazoba bariko baracir'imanza abanyakibi hano kw'isi har'irungu. Satani ayigumemwo wenyene atac'akora. Ivyo tuyemezwa n'Ivyanditswe Vyera.

5. Imbere y'Imyaka igihumbi.

Imyaka igihumbi iri hagati y'imizuko ibiri, ariko iyo mizuko ibiri ihagatiye ibintu bikuru tutobura kuvuga. Naho vyinshi muri vyo bizabera icarimwe, ni vyiza kubivuga tubikurikiranije.

Ikintu gikuru kiyibanjirije, n'ukuza kw'ubwiza kwa Yesu.

Azoza habanje kuba ibimenyetso vyinshi biteguza uko kuza k-wiwe. (Luka 21:28-33) nyuma y'isobanura rikomeye, ariko gutandukanya abera n'ababi (Matayo 25:31-33) kandi hazoba ar'inyuma y'isukwa ry'ivyago ndwi vy'imperuka vyo mu Vyahishuwe 16.

Kugaruka kwa Yesu gukurikiwe n'ibintu bine:

1. Umuzuko w'abagorotsi bose, kuva kuri Abeli, ku geza ku wuzopfa ubwanyuma. Uwo ni wo muzuko wa mbere. Kristo yaravuz'ati ico Data agomba k'ubona umwana wese akamwizera, agira ubugingo budashira, nanje nkazomuzura ku musi w'iherezo; (Yohana 6:40). Ivyerekeye umuzuko tuzosubira - kuvyumva mu kindi cigwa.
2. Guhindurwa kw'abagororotsi bazaba bakiri bazima bagafatanya n'abazoba bazutse. (1 Korinto 15:50 -53; 1 Tesalonike 4:16,17).
3. Abera bazokoranirizwa hamwe baduzwe mw ijuru i-carimwe (Matayo 24:31; 1 Tesalonike 4:17).
4. Ubwoba bw'abanyavyaha n'uguhona kwabo kubw' ubwiza bwa Yesu agarutse.

Twibuke kw ari rwo rupfu rwa mbere, abanyavyaha ndetse, n'abanyabibi bose n'abandi bapfuye imbere y'ico gihe bose n'bakwiye kuzozuka inyuma y'imyaka igihumbi ngo bacirwe kw iteka bazoba baciriweko muri rwa rubanza ruzobera mw ijuru muri ya myaka igihumbi. (Ivyahishuwe 6:15-17; 2 Abatesaloni ke 1:7-10).

6. Nyuma y'imyaka igihumbi.

Hazob'iki nyuma y'imyaka igihumbi? Imyaka igihumbi izokurikirwa n'ibintu ndwi, kandi icanyuma, kizob'intango y'ubwami buhoraho bwa Data wa twese. Eh'uko bikurikirana:

1. Kristo n'abamarayika n'abacunguwe bazomanuka - bave mw ijuru baze mw isi, bari muri Yerusalem nsha. (Zakariya 14:3,4; Ivyahishuwe 21:2).
2. Abanyabibi bose ar'abazoba barapfuye uhereye - kera gushika kuri bamwe bazicwa n'ubwiza bwo ku garuka kwa Kristo, mw itangura rya ya myaka igihumbi bazozukira gucirwakw'iteka. (Yohana 5:29 ahahera; Ivyahishuwe 20:5 abanaza).

3. Satani azobohwa, n'ukuvuga k'umuzuko w'abanya-bibi, uzotuma abona abantu agerageza bitume yongera gukoresha inkomezi ziwe. Abahatira ku-ja kurwanya abari muri Yerusalem nsha. (Ivyahishuwe 20:7,8).
4. Satani azorongora abanyabibi bakikuze Yerusa-lemu nsha, ico gihe Imana izoyigarukira, iba-garagarize ivyaha vyabo kandi ibemeze guseng' umwana wayo w'icubahiro. (Ivyahishuwe 20:9,11, 12).
5. Abanyavyaha bahone. Satani n'ingabo ziwe baha-bwe igihano c'akabarore: Icaha kiveho, n' urupfu, ntiruzosubira kwibukwa. (Ivyahishuwe 20: 9,10, 14,15; 21:8; 1 Korinto 15:26).
6. Isi yezwe n'umuriro ihinduke nsha nk'uko yar' iri ikiva mu minwe ya Rurema. (Edeni). (2 Pe-tero 3:10; Ivyahishuwe 21 cose).
- 7; Umwana asubize se ubwami; ni co gihe co guhindura vyose bisha. (Ivyak. 3:21) Imana ibe vyo-se kuri bose. (1 Korinto 15:28).

Hasohore rya jambo ryavuzwe n'umuhanuzi Habakuki (2:14):
ng "Isi izoba yuzuye ukumenya Uhoro nk'ukw'amazi abunge-reye ku kiyaga."

XXXXXXXXXXXXXX

IBIBAZO VY-ICIGWA CA 27

1. Mugihe c’imyaka igihumbi abagororotsi bazoba bari hehe ?

- A. Kw’isi hamwe na kristo
- B. Mw’ijuru hamwe na kristo
- C. Mu kirere hamwe na kristo

2. Mugihe c’imyaka igihumbi abanyavyaha bazoba hehe ?

- A. Mu muriro
- B. Kw’isi
- C. Bazoba bapfuye

3. Imbere y’iyo myaka 1000 hazoba iki ?


- A. Kuza kwa yesu n’izuka vy-abantu bose
- B. Kuza kwa yesu n’izuka ry-intumwa
- C. Kuza kwa yesu n’izuka ry-abagororotsi

4. Inyuma y-iyo myaka igihumbi hazoba iki ?

- A. Yerusalem nsha izova mw’ijuru
- B. ELIYA azobwiriza yihanishe
- C. Imanza zizocibwa

**IJWI RY'UBUHANUZI
ISHURI RYA BIBILIYA MW IPOSTA
B.P. 1210, Bujumbura
Burundi.**





Izina.....

Ah'uba
